

LKPD

Lembar Kerja Peserta Didik

Ancase Pasinaon:

- Siswa bisa negesi tembung-tembung angel sajrone teks crita wayang lumantar bausastra/ kamus.
- Siswa bisa nggoleki amanat sing kinandhut sajrone teks crita wayang nganggo basa Jawa sing becik lan pener.

Materi:

Crita Wayang

Carane Nggarap:

- Wacanen crita wayang sing dipacak
- Golekana amanat sing kinandhut sajrone crita wayang kasebut
- Isinen jeneng kelompokmu ing panggon sing sumadya
- Tulisen asile dhiskusi arupa amanat saka crita wayang ing panggon sing sumadya

Karna Putra Dewi Kunthi

Dewi Kunti seneng banget nalika krungu kabar putra pembarepe kang nate dilarung ing kali Gangga nyatane isih urip lan madeg dadi adipati ing Awangga. Sawijining dina, sabubare perang antarane Kurawa lan Pandhawa dikumandhangake. Dewi Kunti ketemu klawan Karna ing pinggiring kali Gangga.

Ing kalodhangan iku Dewi Kunti ngomong menyang Karna ngenani apa kang sanyatane. Sawise kuwi Dewi Kunti ngajak supaya Karna gelem gabung klawan Pandhawa.

Nanging panyuwunane Dewi Kunti iki ditolak. Jalaran Karna isih ngrasa lara ati merga diguwang menyang kali Gangga jaman isih cilik biyen. Saliyane iku Karna milih nggabung Kurawa merga sumpahe. Karna nate ngucap sumpah bakal nglindhungi Hastinapura kang wis awèh kamulyan tumrap uripe. Samungkure ngerti kaputusanane Karna. Bisane Dewi Kunti mung nggetuni lelakon kang dumadi ing jaman kawuri.

Upama wae biyen piyambake ora nglanggar sumpahe. Kahanan ing dina iki menawa wae ora bakal dumadi.

Sumber: <https://www.sonora.id/read/423685518/8-contoh-cerita-wayang-bahasa-jawa-yang-singkat-lengkap-dengan-artinya>

Nama Kelompok

Asile Dhiskusi

This image shows a single sheet of white paper with horizontal blue ruling lines. The lines are evenly spaced and run across the width of the page. There is no handwriting or other markings on the paper.